दिन– सोमवार दिनांक–19.05.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

विदेश सचिव विक्रम मिसरी आइ विदेश मामिलाक संसद के स्थायी समिति के समक्ष ऑपरेशन सिंदूर आ भारत–पाकिस्तानक मध्य विगत दिन भेल तनावपूर्ण परिस्थिति के विस्तृत जनतब राखलनि। संसदीय समिति के नेतृत्व कांग्रेस सांसद शशि थरूर कयलनि। विदेश सचिव इस्लामाबाद के संग राजनयिक संबंध के वर्तमान स्थिति, सीमा पर सँ भेटि रहल सुरक्षा चुनौती आ वर्तमान संघर्ष सँ क्षेत्रीय स्थिरता पर पड़ि रहल व्यापाक असरि के लऽकऽ पूरा जनतब संसदीय समिति के संग साझा कयलनि।

---

सर्वोच्च न्यायालय हाई कोर्ट के सेवानिवृत जज लोकनिक लेल वन रैंक वन पेंशन व्यवस्था लागू करबाक आदेश देलनि अछि। प्रधान न्यायाधीश न्यायामूर्ति बी.आर.गवई के खंडपीठ आइ एहि मामिला के सुनवाई करैत ई ऐतिहासिक निर्णय सुनौलनि अछि। खंडपीठ अपन निर्णय मे कहलक अछि जे केन्द्र सभ न्यायाधीश लोकनिक लेल वन रैंक वन पेंशन के सिद्धांतक पालन करत चाहे ओ कोनो उच्च न्यायालय मे कार्यरत होथि।

---

केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलनि अछि जे देश भरि मे विकसित कृषि संकल्प अभियान शुरू कयल जायत। नव दिल्ली मे एक संवाददाता सम्मेलन मे श्री सिंह कहलनि जे उनतीस मई सँ देश भरि के सात सय तेईस जिला मे ई अभियान चलाओल जायत। बारह जून धरि चलऽबला एहि अभियानक अंतर्गत लगभग डेढ़ करोड़ किसान लोकनि के लाभ पहुँचेबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। श्री चौहान जनौलनि जे अभियानक उद्देश्य किसान लोकनि के कृषि संबंधी उन्नत तकनीक आ बीज के विषय मे जनतब उपलब्ध करेबाक अछि। ओ कहलनि जे कृषि वैज्ञानिक के एक दल लगभग पैसठि हजार गाम मे जायत आ किसान लोकनि के वैज्ञानिक कृषि के व्यावहारिक जनतब देत।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार राज्यक किसान लोकनि के कतेको महत्वपूर्ण उपहार देलनि अछि। श्री कुमार आइ पटना के मीठापुर स्थित कृषि भवन मे आयोजित कार्यक्रम मे कृषि विभागक खरीफ महाअभियानक शुभारंभ कयलनि। ओ अनुमंडल स्तर पर बासठि कृषि भवनक शिलान्यास आ आरा कृषि अभियंत्रण महाविद्यालय के आधारशिला सेहो राखलनि। श्री कुमार बिहार कृषि मोबाईल ऐप के लोकार्पण कयलनि। एहि ऐप के माध्यम सँ किसान लोकनि के खेती सँ जुड़ल सभ सेवा आ सूचना डिजिटल रूप सँ सुलभ होयत। मुख्यमंत्री नव नियुक्त तीन सय पंद्रह प्रखंड उद्यान पदाधिकारी लोकनिक मध्य नियुक्ति पत्र के वितरण कयलनि।

———————————————————————

लोक जनशक्ति पार्टी रामविलास के अध्यक्ष आ केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान आइ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सँ पटना मे शिष्टाचार भेट कयलनि। सूत्र सँ प्राप्त जनतबक अनुसार दुनू नेता के मध्य विधानसभा चुनाव मे एनडीए के रणनीति के लऽकऽ सेहो चर्चा कयल गेल।

———————————————————————

केन्द्रीय खाद्य प्रसंस्करण उद्योग मंत्री चिराग पासवान कहलनि अछि जे खाद्य प्रसंस्करण के क्षेत्र मे विकासक अपार संभवना अछि। श्री पासवान पटना के ज्ञान भवन मे आयोजित सम्मेलन के संबोधित करैत कहलनि जे बिहार मे खाद्य प्रसंस्करण क्षेत्र सँ जुड़ल लोक विकसित भारत मे योगदान दऽ सकैत छथि। ओ कहलनि जे युवा खाद्य प्रसंस्करण क्षेत्र सँ जुड़ि कऽ नोकरी ताकऽबला के स्थान पर नोकरी देबऽवला बनि सकैत छथि।

———————————————————————

स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय कहलनि अछि जे ग्रामीण स्वास्थ्य ढांचा के नीक सँ नीक बनेबाक लेल लगातार प्रयास कयल जा रहल अछि। श्री पांडेय पूर्वी चंपरणक अरेराज मे विभिन्न स्वास्थ्य केन्द्र सभक उद्घाटन आ शिलान्यास करैत कहलनि जे राज्य सरकार लोक सभ के नीक सँ नीक सुविधा उपलब्ध करेबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। स्वास्थ्य मंत्री चौदह हेल्थ एंड वेलनेस सेंटर के उद्घाटन कयलनि आ बाईस स्वास्थ्य उपकेन्द्रक शिलान्यास कयलनि।

———————————————————————

मैथिली के प्रसिद्ध साहित्कार नीरजा रेणु के आइ पटना मे निधन भऽ गेलनि। ओ मधुबनी जिलाक नवटोल के रहऽबाली ओ अस्सी वर्षक छलीह। ओ दू दर्जन सँ बेसी साहित्य पुस्तक के रचना कयलनि। नीरजा रेणु के हुनक पुस्तक ऋतम्भरा के लेल दू हजार तीन मे

साहित्य आकादमी पुरस्कार प्रदान कयल गेल छल। हुनका मैथिली भाषा साहित्यक दोसर सभ सँ पैघ सम्मान प्रबोध सम्मान सँ सेहो सम्मानित कयल जा चुकल अछि।

———————————————————————

मौसम विभाग आइ किशनगंज, कटिहार, भागलपुर आ बांका सहित राज्यक पूर्वी हिस्सा मे तेज हवाक संग वर्षा हेबाक पूर्वानुमान जनौलक अछि। एहि दरमियान ठनका खसबाक चेतावनी सेहो जारी कयल गेल अछि। किशनगंज, कटिहार आ पूर्णियां जिला मे किछु ठाम भारी वर्षा हेबाक सेहो पूर्वानुमान अछि। एम्हर, हमर दरभंगा संवाददाता जनौलनि अछि जे जिलाक विभिन्न क्षेत्र सभ मे आइ भोरहि सँ रूकि—रूकि कऽ वर्षा भऽ रहल अछि।

———————————————————————

दरभंगा शहर बंगाली टोला पथ के नामकरण प्रख्यात चिकित्सक पद्मश्री स्वर्गीय डॉक्टर मोहन मिश्र के नाम कयल गेल अछि। शहरी विकास आ आवास विकास मंत्री जीवेश तथा समाज कल्याण मंत्री मदन सहनी संयुक्त रूप सँ आइ ई पथ के नवीनीकरण काज के शुभारंभ कयलनि।

शिवहर के सब्जी मंडी स्थित तीन किराना दोकान मे अगिलग्गी के घटना मे लाखों टाका के संपत्तिक नोकसान भेल अछि। घटना के कारण शॉट—सर्किट जनाओल जा रहल अछि।

———————————————————————

समाप्त